

WULANGAN 7

BUDI PEKERTI

I. NYEMAK

Standar Kompetensi	: Mampu memahami dan menanggapi berbagai wacana lisan tentang bahasa, sastra dan budaya Jawa melalui menyimak informasi dari berbagai sumber
Kompetensi Dasar	: Menyimak dan menanggapi sesorah dalam berbagai kegiatan di sekolah

A. Sesorah ing ngandhap menika kawaosa kanthi sora kanthi intonasi ingkang leres! Siswa sanesipun mirengaken.

Atur Tepangan Siswa Enggal

(Salam pambuka)

Kula nyuwun sewu, matur nuwun awit saking paringipun wekdal dhateng kula ingkang saperlu pitepangan. Para pinisepuh lan sesepuh pangarsaning sekolah ingkang minulya, Bapak Kepala Sekolah saha Wakil Kepala Sekolah SMAN I Yogyakarta ingkang dahat kinormatan, bapak-bapak saha ibu-ibu guru ingkang kula urmati, saha para siswa sedaya ingkang kula urmati ugi, ing mriki kula badhe matur minangka wakiling siswa enggal kelas setunggal, ingkang nembe kemawon lulus saking tingkat SLTP, lan samangke katampi ing SMAN I Yogyakarta menika.

Sepisan, kula sakanca ngaturaken puji syukur dhumateng Ngarsanipun Pangeran Ingkang Maha Kuwaos, awit sampun karoban sih nugraha-Nipun katampi pinangka siswa ing SMA mriki ingkang saestu dados pepenginan utawi idham-idhaman kula sedaya.

Kaping kalih, kula sakanca siswa enggal ing SMA menika ngaturaken agunging panuwun awit saking pangrengkuhipun sedaya panitia *penerimaan* siswa enggal, saengga ing wanci menika kula sakanca saged mapan ing *ruang* menika saperlu pitepangan, sinaosa nembe simbolik utawi perwakilan.

Salajengipun, inggih menilka acara pitepangan perwakilan, inggih menika perwakilan saking siswa enggal ingkang gunggungipun cacah kalih atus sekawan siswa. Ing sangarsa

panjenengan sedaya sampun marak sowan kanca enggal kula cacah gangsal, ingkang pinangka wakiling kelas IA, IB, IC, ID, saha IE. Inggang paling tengen inggih menika wakil kelas IA nami pun Sri Wijayanti, benjang kepengin dados akuntan. Sisih kiwanipun nami pun Endra Suwarna pinangka wakiling kelas IB gadhah panggayuh dados pakar matematika. Menggah ingkang tengah naminipun Wulandari Kaesthi pinangka wakil kelas IC nggadhahi cita-cita dados pakar kimia. Salajengipun wakiling kelas ID inggih menika Eka Pamengku Jati kepengin dados pakar ing babagan politik lan negarawan, saha ingkang pungkasan paling kiwa menika wakil kelas IE nami pun Gitanjali Wigati nggadhahi gegayuhan dados dokter.

Nyuwun sewu, keparenga kula piyambak ingkang pinangka wakiling sedaya siswa ndherek nepangaken. Tiyang sepuh kula suka paring nami dhateng kula Damar Sasangka Jati. Menggah cita-cita utawi panggayuh kula, inggih menika sageda dados pakar sastra, basa lan budaya, mliginipun sastra lan kabudayan Jawi. Inggang saking menika, ing SMA mriki kula kepengin ngangsu seserepan mliginipun dhateng bapak saha ibu guru ingkang ugi nggegilut lan mersudi sastra lan kabudayan Jawi menika. Pramila sakderengipun, kula ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya ingkang kersa nuntun tumuju kasiling panggayuh kula.

Makaten mengggah atur kula minangka wakil sulihing kanca-kanca siswa enggal ing SMAN I menika. Keparenga kula lan kanca-kanca wakiling kelas ingkang wonten ngajeng menika tumunten lengser linggih ing wingking malih. Namung saderengipun, kula minangka pribadi mbok bilih kathah klenta-klentuning atur kula nyuwun samodra pangaksami. Wusana wekdal saha papan kula aturaken wangsul dhumateng panatacara. Matur nuwun.

(Salam panutup).

A. Kamus alit

Pangarsaning = **pemimpin**

Dahat = **sanget**

Samangke = **sakmenika**

Karoban = **kebanjiran**

Sinaosa = senajan

B. Gladhen

Kawangsulana pitakenan-pitakenan ing ngandhap menika!

1. Sesorah ing nginggil menika wonten ing acara menapa ?
2. Pinten sedaya gunggungipun siswa enggal ?
3. Sinten ingkang pinangka wakiling kelas IA ?
4. Menapa ingkang dados cita-citanipun ?
5. Sinten ingkang pinangka wakiling kelas IE ?
6. Menapa ingkang dados cita-citanipun ?
7. Sinten ingkang pinangka wakil sulihing atur ?
8. Menapa ingkang dados cita-citanipun ?
9. Menapa kemawon ingkang dados wigatosing atur ing sesorah ing nginggil menika?
10. Kados pundi tanggapanipun para siswa menggah kirang lan langkungipun babagan aturipun Damar Sasangka Jati ing sesorah kala wau ?

II. MICARA

Standar Kompetensi : Mampu praktik pranatacara dan sesorah (pidato berbahasa Jawa)

Kompetensi Dasar : Praktik sesorah dalam berbagai kegiatan di sekolah

Cobi nindakna sesorah ingkang wosing rembag ngengingi para siswa sampun ngantos kelut ing: (1) inum-inuman keras saha narkoba, (2) budaya seks bebas.

Antawisipun ingkang kedah kaandharaken inggih menika :

1. Inum-inuman keras saha narkoba:
 - a. Pengaruh rikalanipun migunakaken inuman keras saha narkoba
 - b. Pengaruhipun ing bebrayan sakiwa-tengenipun ingkang mendem
 - c. Ing babagan ukum satleraman
 - d. Pengaruhipun inuman keras saha narkoba ing keserasan kesehatan ing tembe wingkingipun

2. Budaya seks bebas
 - a. Pengaruhipun tumrap para priya
 - b. Pengaruhipun tumrap para wanita
 - c. Pengaruhipun tumrap kulawarga
 - d. Pengaruhipun tumrap bangsa lan negari Indonesia

III. MAOS

Standar Kompetensi : Mampu menganalisis isi dan struktur berbagai wacana tentang bahasa, sastra dan budaya Jawa

Kompetensi dasar : Memahami dan menganalisis isi teks berita berbahasa Jawa

Paken : Kawaosa teks ing ngandhap menika !

Tawuran

Sing jenenge emosi iku, yen kebacut mumbul ing mbun-mbunan, sapa wae angel anggone ngendhaleni, kejaba uwong sing tansah eling lan waspada, tansah nggunakake akal sehate kanthi pikiran kang wening, sarta ati kang sareh. Kabeh iku bisa klakon, lamun awake dhewe tansah ngulinakake ati kang sabar, tumindak sarwa nganggo petung, ora grusa-grusu, lan ora gampang kena pambujuk.

Nindakake tawuran, akeh-akehe sing dadi undherane prakara mung sepele, upamane mung saka plirik-plirikan banjur salah paham, dadi pradondi, banjur kroyokan. Yen padha ora trimane mesthi wae banjur golek bala sakakeh-akehe. Mula banjur dadi tawuran. Cilakane maneh, amarga tawuran sing tanpa kontrol iku, apa-apa bisa dadi sasaran. Omah diamperi, mobil kaya dene bis kota dipecahi kacane, lan wong kang ora salah ora ngerti undherane perkara katut dikepruki. Cetha yen sing kaya ngene iki ngrugekake wong liya. Budaya “ngrusak” iki kudu enggal ditinggalake aja nganti ngambra-ambra.

Racake sing padha tawuran mau seneng yen mungsuhe padha nandhang tatu, nganti nandhang cacat lan sapiturute. Yen wis ngene racake banjur padha *bangga*

rumangsa menang. Tawuran bisa luwih ndadra maneh yen nganti ana mungsuhe sing nganti tiwas, amarga nuwuhake aksi balas dhendham. Yen wis ngene iki ana sambung-rapete karo urusan hukum lan magepokan karo polisi. Tundhone sapa sing kebukten salah bakal mlebu ukuman.

Sing ora kalah ruwete, yen sing tawuran mau para pelajar, para generasi mudha harapane bangsa. Para siswa mau mesthine didama-dama wong tuwane bisaa dadi wong sing pinter lan nduweni budi pekerti kang becik, kang tundhone bisa dadi wong kang kasil uripe banjur kajen keringan, kepara bisaa melu mimpin negara. Mangka yen wis tawuran lan dadi urusane polisi, tundhone mlebu ukuman, cetha yen sekolahe bakal mogol lan masa dhepane surem. Mula bab tawuran iku dadi mirise para wong tuwane pelajar.

Tumrap para remaja, para pelajar, wiwit saiki takaturi mikirake apa ta untunge tawuran ? Ora ana untunge !!! Yen menang, mung oleh rasa *bangga* sing mung sedhela. Kurang bejane banjur diglandhang polisi mlebu penjara. Yen kalah, awake dha lara, mlebu rumah sakit, kurang bejane cacat. Sing bagus lan nggantheng bisa dadi pithet, buntung, pincang, lan sapiturute.

(Kalaras saking “Tawuran...Oh Tawuran” Kalawarti Mardika Basa Jawa *Djaka Lodang*, no 05 tahun XXXIV, 3 Juli 2004: 13)

B. Gladhen

1. Tembung-tembung ing ngandhap menika katerangna tegesipun (saged madosi tegesipun ing bausastra utawi kamus)

1. grusa-grusu =
2. undherane prakara =
3. pradondi =
4. tanpa kontrol =
5. ngambra-ambra =
6. magepokan =
7. sambung-rapete =

8. didama-dama =
9. kajen keringan =
10. mogol =

2. Pitakenan-pitakenan ing ngandhap menika kawangsulana ngginakaken basa krama !

1. Cobi kaandharna kanthi lesan bab menapa kemawon ingkang asring dados undheraning prekawis tawuran!
2. Bab menapa kemawon ingkang asring katindakaken para mudha ingkang tawuran, ingkang kalebet ngrugekaken tiyang ingkang boten lepat ?
3. Kados pundi menggah budi pekerti ingkang trep supados boten badhe wonten prekawis tawuran ?
4. Menapa paedahipun tawuran ? Katerangna kanthi cetha !

IV. NYERAT

Standar Kompetensi : Mampu mengungkapkan gagasan, pendapat, dan perasaan dalam bentuk karangan tentang bahasa, sastra, dan budaya Jawa

Kompetensi Dasar : Menulis roman berbahasa Jawa

Gladhen:

Nyerata peranganing roman abasa Jawi krama, wetawis sekawan kaca !

Andharan sawetawis bab roman.

Roman inggih menika jinising karya sastra ingkang panjang, nyariyosaken gesangipun tetiyang, mliginipun paraga utawi tokoh utama-nipun, wiwit lairipun ngantos diwasa, mandar ngantos peputra lan wewayah. Jinising roman menika warni-warni miturut isining cariyos, antawisipun inggih menika roman sejarah ingkang sumberipun cariyos saking

sejarah; roman wayang ingkang cariyosipun ngengingi cariyos ringgit, roman modern ingkang cariyosipun babagan gesangipun kulawarga modern ing kitha utawi pedhusunan, lan sanes-sanesipun. Awit saking panjangipun, mila menawi saestu kedah nyerat roman, wekdal saha papanipun ing sekolah cetha kirang trep. Inkang saking menika pramila cekap nyerat ing perangan-perangan ingkang kaanggep narik kawigatosan kemawon.

Para siswa mesthinipun sampun terang menawi sekar menika nggadhahi paugeran ingkang sampun gumathok, inggih menika bab guru gatanipun, guru wilanganipun saha guru lagunipun. Kula aturi mirsani paugeranipun sekar !

Cobi para siswa gladhen nyerat sekar macapat asmaradana, sekawan pada kemawon kanthi wosing rembag bab budi pekerti ingkang sae, ingkang paraganipun siswa SLTA.

A. Teks sekar ing ngandhap menika kasekarna kanthi sora!

Nggegulang Tata Krama tumrap Para Mudha

Pramudha padha tindakna / tansah santun dhateng sesami-sami / kalamun sira ndaludur / ngembet marang wong tuwa / lan tan wurung samubarang yen ndaludur / guru uga kembet ala / salah tingkah nglelingsemi.

Ampun supe ing trapsila / suba sita nggah-ungguh njaga dhiri / ngabekti marang leluhur / sumrambah kadang mudha / datan lali tumrapping kabeh sadulur / nora mawas enom tuwa / kabeh kudu denajeni.

Yekti nyata putra bangsa / pinter basa tata krama ya wasis / salah bawa uga alus / dhasar watak satriya / tan kinira yen dudu trahing ngaluhur / pantes kanggo patuladhan / tansah santun langgeng yekti.

(kalaras saking anggitanipun Supartinah, *Sempulur* No. 3, Oktober 2002: 23)

B. Gladhen

Pitakenan ing ngandhap menika kawangsulana kanthi basa krama!

1. Sekar macapat ing nginggil menika naminipun sekar menapa? Kados pundi menggah pathokanipun sekar wau?
2. Sekar ing nginggil menika ngewrat bab menapa kemawon?
3. Sinten paraga ingkang katuju dening teks sekar ing nginggil wau ?
4. Ing sekar ing nginggil, menapa ingkang kedah katindakaken dening para mudha ?
5. Tindak menapa ingkang kedah dipunsingkiri para mudha menika ?

6. Ing sekar ing nginggil menika, sinten kemawon ingkang kedah dipun aosi ?
7. Miturut para siswa, mesthinipun kados pundi patrap dhumateng tiyang sepuh ?
8. Miturut para siswa, kados pundi cak-cakanipun patrap boten damel seriking tiyang sanes menika ?